

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rekomendasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan bisa dijelaskeun saperti ieu di handap.

- a. Rarancang pangajaran nulis sajak maké média *photostory* disusun dumasar kana KTSP anu eusina ngawengku 1) idéntitas pangajaran, 2) Standar Kompetensi, 3) Kompetensi Dasar, 4) indikator, 5) tujuan pembelajaran, 6) materi poko, 7) métode pangajaran, 8) kagiatan pangajaran, 9) alat/bahan/sumber, 10) évaluasi 11) rubrik penilaian, sarta 12) pedoman penilaian. Hal-hal anu béda tina ieu RPP téh nya éta maké média pangajaran *photostory*.
- b. Prak-prakan pangajaran nulis sajak maké média *photostory* ka siswa kelas VII-H SMPN 2 Lémbang dilaksanakeun dina tilu siklus baris ditepikeun saperti ieu di handap.
 - 1) Siklus I ngagambarkeun yén média *photostory* masih can éféktif lantaran siswa masih hésé dikondisikeun, hésé ngajawab nalika dibéré patalékan, sumanget pikeun diajarna masih kurang, can bisa nyebutkeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran nulis sajak, can aktif pikeun nanya nalika dibéré kasempetan nanya, can pati merhatikeun kana penegasan materi pangajaran anu geus ditepikeun, hésé nurut nalika dikondisikeun dina kagiatan panutup, sarta can mikanyaho kasalahan-kasalahan dina nulis sajak. Salian ti kahéngkéran di luhur, dina aspék-aspék penilaian nulis sajak siswa masih héngkér dina nangtukeun téma jeung ma'na, kakuatan imajinasi, diksi, pendayaan majas jeung citraan, sarta éjahan jeung

tata tulis. Dumasar kana kahéngkérana dina siklus I, satuluyna dilaksanakeun pangajaran siklus II pikeun ngungkulan éta kahéngkérana.

- 2) Tina prak-prakan pangajaran siklus II, tétéla média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sajak. Sanajan kitu, aya kahéngkérana séjén nu dianggap perlu pikeun dironjatkeun sangkan hasilna maksimal. Nu dimaksud hal nu perlu dironjatkeun téh nya éta nalika ngondisikeun dina kagiatan bubuka, siswa ngajawab nalika dibéré patalékan, sumanget siswa pikeun diajar, siswa nyebutkeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal dina pangajaran nulis sajak, siswa nanya nalika dibéré kasempetan pikeun nanya, siswa merhatikeun kana penegasan materi pangajaran anu geus ditepikeun, ngondisikeun dina kagiatan panutup, sarta mikanyaho kasalahan-kasalahan dina nulis sajak. Salian ti kahéngkérana di luhur, dina aspék-aspék penilaian nulis sajak siswa masih héngkér dina maké diksi, majas jeung citraan sarta éjahan jeung tata tulis. Dumasar kana kahéngkérana siklus II, satuluyna diropéa kahéngkérana ngajar maké média *photostory* sarta ngahasilkeun rarancang pangajaran siklus III.
- 3) Tina prak-prakan pangajaran siklus III, tétéla prak-prakan pangajaran nulis sajak kalayan maké média *photostory* téh leuwih éféktif ti batan siklus I jeung II.

- c. Hasil panalungtikan dina siklus I nya éta 33,33 % siswa dianggap can tuntas nulis sajak. Sabada diropéa dina siklus II, hasil diajar nulis sajak siswa ngaronjat jadi tuntas kalayan rata-rata peunteun 81,7. Pikeun ngukuhan éféktivitas média *photostory*, dilaksanakeun siklus III. Dumasar kana évaluasi pembelajaran tétéla dina siklus III préstasi nulis siswa téh leuwih ngaronjat kalayan tuntas tur rata-rata peunteun 84,7.

5.2 Implikasi

Média *photostory* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Larapna média *photostory* meunang sawangan anu positif ti guru jeung siswa.

Maria Julianti, 2016

Média Photostory Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ayana runtuyan foto anu ditampilkeun di jero kelas ka siswa bisa jadi bahan pikeun imajinasi siswa dina nulis sajak. Ku sabab kitu, média pangajaran téh miboga poténsi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngamekarkeun idé anu aya dina pikiranana kalayan diébréhkeun kana wangun tulisan.

5.3 Rekomendasi

Dumasar ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

- a. Média *photostory* bisa dijadikeun média pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak jeung kamampuh nulis séjénna.
- b. Upama guru rék maké média *photostory*, hal-hal anu kudu diperhatikeun ku guru nya éta milih téma nu ngirut sarta luyu jeung pangajaran anu baris diajarkeun.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih hadé dina ngararancang média pangajaran.
- d. Ayana panalungtikan anu leuwih ngeunaan média *photostory* sangkan mikanyaho kaéfektifan éta média.